

Biwo Egzekisyon Sipò Timoun

Èd Lajan Kach ak Sipò Timoun

Sa Ou Dwe Konnen



W-549D (D) 02/12/2015 (Revised October 2014)

Sa Ou Dwe Konnen sou Èd Lajan Kach ak Sipò Timoun

Edike yon timoun poukont ou nan Vil New York kapab difisil, sitou si lòt paran an p ap ede ou avèk bourad lajan. Men ou pa gen pou sipòte fado finansye a poukont ou. Paran ki p ap viv avèk timoun nan ta dwe patisipe nan responsablite yo. Pou fè sa, li ta dwe peye sipò timoun. Nan Eta New York, yon timoun kapab resevwa sipò timoun jouk lè li gen laj 21 ane, menmsi lòt paran an pa patisipe nan lavi timoun nan.

Si ou aplike pou èd lajan kach oswa pou Èd Medikal Sèlman [Medical Assistance Only (MAO)] oswa si w ap resevwa èd lajan kach oswa Èd Medikal Sèlman, ou gen obligasyon pou fè yon entèvyou nan yon Biwo Egzekisyon Timoun [Office of Child Support Enforcement (OCSE)] ki nan Minisipalite a. **Si ou pa konfòme ou sa ka lakòz avantaj ou yo redui.** N ap mande ou pou bay enfòmasyon sou paran ki p ap viv avèk timoun nan pou detèmine patènite ak yon lòd sipò timoun nan. Nou oswa Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi p ap poze ou kesyon sou sitiasyon imigrasyon nou, paske pa gen egzijans imigrasyon pou sipò timoun pou okenn paran.

N ap asire paran ki p ap viv avèk timoun nan bay sipò finansye pou pitit li. Sèvis yo gen ladan lokalizasyon paran ki p ap viv avèk timoun nan avèk rechèch nan òdinatè, èd pou detèmine patènite a ak sipò timoun ak sipò medikal tribinal egzije, epitou rekouvreman ak distribisyon peman yo. OCSE egzekite lòd sipò timoun lè peman yo anreta. Nan ka kote paran ki p ap viv avèk timoun nan pa gen mwayen pou peye sipò timoun, OCSE kapab bay li referans pou ale nan yon pwogram travay.

Entèvyou pou Sipò Timoun: Dokiman pou Pote

Men dokiman ki pi enpòtan pou pote nan entèvyou ou:

- Fòm aplikasyon ranpli, yo te ba ou ansanm avèk avi pou randevou a
- Dokiman ki gen non ak nimewo sekirite sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl [Individual Tax Identification Number (ITIN)] paran ki p ap viv avèk timoun nan.
- Sètifika maryaj, papye divòs, oswa papye separasyon, si genyen

Tanpri pote tout kantite ou kapab nan dokiman ki endike anba la yo:

- Batistè timoun nan (yo)
- Rekonesans Patènite [Acknowledgment of Paternity (AOP)] oswa Lòd Filyasyon (Order of Filiation) ou resevwa nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi
- Adrès paran ki p ap viv avèk timoun nan, nimewo telefòn li, epi non ak adrès patwon li
- Dènye foto paran ki p ap viv avèk timoun nan

Si ou pa konnen nimewo sekirite sosyal, ITIN, oswa adrès paran ki p ap viv avèk timoun nan, li ta bon pou gen enfòmasyon sou sa ki endike anba la yo:

- Revni ak resous tankou souch chèk peman, fòm deklarasyon taks sou revni, kont labank ak lòt investisman ak byen imobilye
- Dat nesans paran ki p ap viv avèk timoun nan ak kote li fèt
- Non manman ak papa paran ki p ap viv avèk timoun nan (ansanm ak non jèn fi manman an)

Sa K ap Rive Ou Si Ou Pa Konfòme Ou

Si ou aplike pou èd lajan kach oswa pou MAO oswa si w ap resevwa èd lajan kach oswa MAO, ou gen obligasyon pou fè yon entèvyou pou sipò timoun. Nou bay eksepsyon nan sa pou rezon valab sèlman. Responsab dosye ou kapab mande reklamasyon sa sèlman si:

- Ou pè pou gen domaj emosyonèl oswa fizik sou ou oswa sou pitit ou yo; oswa

- Timoun nan te fèt akòz kadejak oswa ensès; oswa
- Ou nan pwosesis pou bay pitit ou nan adopsyon.

Fè travayè sosyal ou konnen si ou satisfè youn nan twa (3) kondisyon sa yo. Si gen vyolans lakay ou, n ap ba ou referans pou ale nan lyezon pou moun ki viktim vyolans nan kay k ap decide si ou ta dwe resevwa yon egzansyon an pati oswa konplè k ap eskize ou nan kèk oswa nan tout obligasyon pou sipò timoun.

Si ou pa gen yon "reklamasyon ki baze sou rezon valab" epi si ou pa bay enfòmasyon OCSE mande ou, ou ka tonbe anba sanksyon, sa ki vle di nou ka redui avantaj lajan kach ou a 25% epi ou ka pèdi Medicaid pou tèt ou. Nou kapab retire sanksyon sa yo nenpòt lè depi ou ale nan Biwo Minisipalite OCSE kote ou te fè entèvyou ou epitou depi ou bay enfòmasyon ki obligatwa yo.

Detèminasyon Patènite

Si ou te janm marye legalman avèk lòt paran an, ou dwe detèmine patènite (patènite legal) pou ou kapab jwenn yon lòd sipò timoun, menmsi n ap viv ansanm. Ou kapab detèmine patènite a depi ou siyen yon fòm Rekonesans Patènite [Acknowledgement of Paternity (AOP)] nan lopital la, nan Depatman Sante ak Sante Mantal (Department of Health and Mental Hygiene), oswa nan yon biwo sipò timoun. Ou kapab detèmine patènite a nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Si ou pa byen konnen kimoun ki papa pitit ou, OCSE kapab ba ou referans pou fè tès ADN ki pa koute chè. Yon tribinal kapab bay lòd pou fè yon tès ADN pou pwouve patènite a. Anplis sipò timoun nan, detèminasyon patènite a bay avantaj pou timoun nan ki ka gen ladan sekirite sosyal, alokasyon militè, pansyon, asirans sante, ak dwa pou eritye papa a.

Kantite Lajan Sipò Timoun ou Ka Resevwa

Se nan yon odyans nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi y ap pran decide ki kantite lajan sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan ap gen pou peye. Sa baze sou gid Eta New York mete anplas epitou sa depannde revni paran ki p ap viv avèk timoun nan ak kantite timoun nou gen ansanm. Ou gen obligasyon pou patisipe nan odyans sipò timoun k ap fèt nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi epi ou ka gen pou reponn kèk kesyon.

N ap voye premye \$100 dola (\$200 dola pou de oswa plis timoun) nou touche chak mwa nan sipò timoun ou genyen an ba ou anplis avantaj èd lajan kach ou. Sa a se bonis ou oswa peman verifye ou epi li disponib sou kat EBT ou. Nan pifò ka yo, n ap itilize rès lajan nou touche yo pou ranbouse HRA pou avantaj èd lajan kach ou. Si ou te deja gen yon lòd sipò timoun anvan ou te aplike pou avantaj èd lajan lach la, ou ka gen dwa pou resevwa "peman aryere fanmi". Mande sant travay ou oswa travayè sosyal sipò timoun ou si sa aplike pou ou. Si kantite lajan sipò timoun nou touche a pi plis pase avantaj ou yo, ou kapab fèmen dosye èd lajan kach ou epitou ou ka toujou gen dwa pou resevwa avantaj SNAP, sèvis gadri, ak Medicaid.

Sa K ap Pase Lè Ou Pa Gen Èd Lajan Kach oswa MAO

Lè ou pa gen èd lajan kach oswa MAO, n ap kontinye resevwa ak egzekite peman sipò a, men n ap voye tout lajan nou touche a pou sipò ki la nan moman an dirèkteman ba ou. Nan kèk ka, n ap toujou kenbe sipò anreta paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe ou nan moman ou t ap resevwa èd lajan kach la. Si ou pa gen yon lòd sipò timoun, biwo nou ap kontinye eseye jwenn paran ki p ap viv avèk timoun nan. Lè nou jwenn paran ki p ap viv avèk timoun nan, n ap ba ou konsèy sou fason pou jwenn yon lòd sipò timoun.

Kontakte Nou

Rele

Liy Èd Sipò Timoun Eta New York
Pale avèk yon reprezantan:
Lendi-vandredi, ant 8 am ak 7 pm
Enfòmasyon otomatize
24 èdtan sou 24/7 jou sou 7
888-208-4485
866-875-9975 TTY (Moun ki Gen Pwoblèm pou Tande)

Vizit (ou pa bezwen pran randevou)

OCSE Customer Service Walk-In Center
151 West Broadway, 4th floor, Manhattan
Lendi jiska vandredi, ant 8 am ak 7 pm
Ou dwe gen yon ID ki gen foto ou

Ekri

New York City Office of Child Support Enforcement
P.O. Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

Sitwèb yo

nyc.gov/hra/ocse
www.childsupport.ny.gov

Adrès Biwo Sipò Timoun Minisipalite a

Biwo Minisipalite Bronx

(K ap sèvis Bronx)
894 Garrison Avenue
Bronx, NY 10474
929-252-4100

Biwo Minisipalite Brooklyn

(K ap sèvis Brooklyn ak Rockaways)
1 MetroTech Center, North, 6th Floor
Brooklyn, NY 11201
929-221-7620

Biwo Minisipalite Manhattan

(K ap sèvi Manhattan ak Staten Island)
115 Chrystie Street, 4th Floor
New York, NY 10002
212-334-7654

Biwo Minisipalite Queens

(K ap sèvis Queens, sof Rockaways)
32-20 Northern Boulevard, 6th Floor
Long Island City, NY 11101
718-784-6979

Bill de Blasio
Majistra

Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration)
Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services)

Steven Banks
Manm Komisyon

W-549D (D) 02/12/2015 (Revised November 2014)

© Dwa-dotè 2015. Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal Vil New York.
Pou jwenn pèmasyon pou repwodi tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte
Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration) Vil New York.